

De Bagay Ou Kapab Fè pou w Kolekte nan yon Jijman

1. Anrejistre “Jijman” ou a nan Rejis Piblik.

“Rejis Piblik” se kote yo anrejiste papye kay ak ipotèk. Lè ou mete Jijman ou a nan Rejis Piblik, sa va lakoz yo poze sele sou nenpòt pwopriyete Akize a posede. Sa ki vle di, si toutfwa li vle vann oswa si li vle ipotèke pwopriyete li a, li va oblije peye w anvan.

Kijan pou w fè sa:

- Jwenn yon kopi ofisyèl jijman nan nan biwo Konmi Tribinal la.
- Anrejistre jijman an – Li koute \$10 pou premye paj la epi \$8.50 pou chak lòt paj yo

Biwo Rejis Piblik Konte a
Courthouse East
22 NW First Street, 1st. Floor
Miami, Florida 33128
Telefòn: (305) 275-1155

Biwo Rejis Piblik Branch South Dade
10710 S.W. 211 Street, Room 1200
Miami, Florida 33189

Biwo Rejis Piblik pou Branch North Dade
15555 Biscayne Blvd., Room # 114
Miami, Florida 33160
Telefòn: (305) 275-1155

Biwo Rejis Piblik Branch West Dade
11805 SW 26 Street, Room # 207
Miami, Florida 33175
Telefòn: (305) 275-1155

2. Mande Tribinal la pou li fè Akize a Ranpli yon “Kesyonè sou byen li posede”

Mande jij la pou li bay akize a lòd pou li ba w enfòmasyon sou pwopriyete ak revni li. Si Akize a pa bay enfòmasyon yo a tan yo kapab detni li dèske li pa respekte règleman tribinal la.

- W ap wè yon fòmilè ki gen yon Mosyon ak yon Manda pou jij la siyen.
- Pote Mosyon an ou menm nan biwo jij la. Eksplike moun k ap tarvay ak jij la ki sa ou vle (epi nou swete yo va vle ede w olye ke yo fè w monte desann pou granmesi).
- Pote de (2) anvlòp ki tou gen tenb sou li pou Tribinal la kapab poste kopi Manda ke jij la siyen an ba wou ansanm ak Akize a.

- Ou ta dwe mete adrès pa w nan youn nan anvlòp yo
- Epi lòt anvlòp la dwe gen adrès Akize a